

Senatè Markey, e kòlèg li yo met ijans pou yon ektansyon TPS e pou redesignasyon Ayiti akòz de vyolans gang, kriz politik ki fosè milyon Ayisyen fwi pèyi a

Lèt antye a afiche isi

Nan washington kapital Etazini 26 Oktòb 2022- Senatè Edward J. Markey yon manm Komite Relasyon Etranjè Sena dirije kòlèg yo nan kongrè nan yon apèl ijans pou administrasyon Biden pou emediateman pwolenje e redenzye estati pwoteksyon tanporè (TPS) pou pèyi Ayiti. Aksyon sa ap pemèt Ayisyen ret Etazini jiskaskè kondisyon ann Ayiti a amelyore. Ayiti ap kontinye fe fas ak plizyè kriz kom ogmanstasyon vyolans gang, pandemi kovid-19, e premye ka kolera depwi twa zan ki te touye anpil moun, difikilte pou distribye ed imanitè pou plis ke senk milyon Ayisyen ki fose milyon Ayisyen kite lakay yo an gwo kantite. Jiskaprezaan TPS pou Ayiti a gen pou expirè fevriye 2023.

“Redesignation TPS ap bay Ayisyen ki fenk antre Etazini kapasite pou sipotè pwop tèt yo legalman e kominate ki resevwa yo,” di Senatè Markey. “Refize bay aksè a TPS pou moun ki fenk vini yo pap bay rezulta pou Ayisyen sispann pase pa fwontyè ou kitè Etazini pou kont pa yo akòz de kondisyon Ayiti ki pa pemet yo retounen lakay san male. Si nou fe sa, Ayisyen pap gen lòt opsyon ke rete nan povretè e an risk de depòtasyon.”

Senatè yo ekri nan lèt yo “Li ijan e garanti nou pwolonje e redenzye estati TPS pou Ayisyen paske vyolans gang, kriz politik e sivil depwi asasina Prezidan Jovenel Moïse ap vin pi grav e li difisil pou Ayisyen jwenn gazoline, manje, dlo, swen sante, e lot nesesite debaz yo.”

Senatè Bernie Sanders (I-Vt.), Jack Reed (D-R.I.), Cory Booker (D-N.J.), Tina Smith (D-Minn.), Ron Wyden (D-Ore.), Kristen Gillibrand (D-N.Y.), Patrick Leahy (I-Vt.), Dianne Feinstein (D-Calif.), Chris Van Hollen (D-Md.), Elizabeth Warren (D-Mass.), Dick Durbin (D-Ill.), Amy Klobuchar (D-Minn.), Alex Padilla (D-Calif.), Tim Kaine (D-Va.), e Raphael Warnock (D-Ga.) se pamì yo ki siyen lèt la ak Senatè Markey.

Pi bonè nan mwa a, Senatè Markey e Reprezantan Jim McGovern (MA-02), ankouraje kòlèg yo rele Prèzidan Biden pou sipote Ayiti nan demokrasi e stabilite, e pou kanpe tout depòtasyon Ayisyen ki Etazini e sispann retounen imigran Ayisyen ann Ayiti kont volontè yo. Nan mwa Oktòb 2016, li te vwayaje ann Ayiti pou obsèvè respons imanitè Etazini an nan Siklòn Matthew epi evalye kondisyon sante piblik nan mitan epidemi kolera nan peyi a. Li te dirije efò nan Sena a pou met presyon sou Nasyonzini (ONU) pou l aksepte tout responsabilite pou epidemi kolera ann Ayiti epi bay asistans finansye bay viktim yo ak fanmi yo ki afekte nan epidemi an. Nasyonzini te finalman bay ekskiz nan menm ane a. Nan mwa me 2020, Senatè Markey te mande prezidan Trump pou l kanpe tout depòtasyon Ayisyen pandan pandemi kovid-19 nan yon efò pou pwoteje pèp Ayisyen an ak enfrastrikti sante piblik yo.

